

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan ngeunaan istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung kalayan nyoko kana tujuan anu geus dirumuskeun saméméhna, implikasi jeung rékoméndasi.

#### **5.1 Kacindekan**

Tina hasil panalungtikan ngeunaan istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung, bisa dicindekkeun yén kapanggih aya 65 istilah anu aya patlina jeung anyaman awi. Éta istilah-istilah anu kapanggih téh saterusna diklasifikasikeun dumasar kana aspék-aspék istilahna. Aya lima aspék anu kapanggih, nyaéta istilah-istilah anyaman awi dumasar kana produk, alat nu dipaké dina nganyam awi, bahan anyaman awi, prosés nganyam awi, jeung téhnik nganyam awi.

Tina hasil analisis data, kapanggih aya 16 istilah anyaman awi dumasar kana produk, di antarana aseupan, ayakan, bilik, boboko, boboko turub, bubu, carangka, cécémpéh, dingkul, dudukuy, giribig, hihid, nyiru, pengki, pipiti, jeung tolombong. Dumasar kana alat nu dipaké dina nganyam awi, kapanggih aya genep istilah anyaman awi, di antarana bedog, jara, pangetrok, péso raut, ragaji, jeung tatah. Dumasar kana bahanna, kapanggih aya 13 istilah anyaman awi, di antarana awi, awi sabuku, awi saleunjeur, awi tali, galér, hinis, hoé, kai, perét, sarungsum, soko, tali plastik, jeung wengku.

Dumasar kana prosés nganyamna, kapanggih aya 18 istilah anyaman awi, di antarana dicelub, masi, meresihan, moé, motong, naékkeun, nalikeun, ngabujalan, ngahua, ngajuruan, nganyam, ngaratakeun, ngaraut, ngawengku, nyangreud, nyarungsum, nyokoan, jeung tuus. Sedengkeun dumasar kana téhnik anyamanna, kapanggih aya 11 istilah anyaman awi, di antarana carang, ganda, ipis, kandel, kasar, képang, kerep, lemes, sasag, taraté, jeung tunggal.

Dumasar wangun istilahna, kapanggih aya 38 istilah anyaman awi anu wangunna salancar. Éta istilah téh di antarana awi, bedog, bilik, boboko, bubu, carang, carangka, cécémpéh, dingkul, dudukuy, galér, ganda, giribig, hihid, hinis, hoé, ipis, jara, kai, kandel, kasar, képang, kerep, lemes, nyiru, pengki, perét, pipiti, ragaji, sarungsum, sasag, soko, taraté, tatah, tolombong, tunggal, tuus, jeung wengku.

Istilah anyaman awi wangun rundayan kapanggih aya 20 istilah, nyaéta aseupan, ayakan, dicelub, masi, meresihan, moé, motong, naékkeun, nalikeun, ngabujalan, ngahua, ngajuruan, nganyam, ngaratakeun, ngaraut, ngawengku, nyangreud, nyarungsum, nyokoan, pangetrok.

Istilah anyaman awi dumasar kana wangun kantétan kapanggih aya genep istilah nyaéta awi sabuku, awi saleunjeur, awi tali, boboko turub, péso raut, jeung tali plastik.

Dumasar kana warnana, istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung téh kabagi jadi opat, nyaéta barang, pagawéan, sipat, jeung bilangan.

Kapanggih aya 35 istilah anyaman awi anu mangrupa kecap barang, di antarana aseupan, awi, awi sabuku, awi saleunjeur, awi tali, ayakan, bedog, bilik, boboko, boboko turub, bubu, carangka, cécémpéh, dingkul, dudukuy, galér, giribig, hihid, hinis, hoé, jara, kai, nyiru, pangetrok, péso raut, pengki, perét, pipiti, ragaji, soko, tali plastik, taraté, tatah, tolombong, jeung wengku.

Istilah anyaman awi anu mangrupa kecap pagawéan aya 20 istilah, nyaéta dicelub, képang, masi, meresihan, moé, motong, naékkeun, nalikeun, nagbujalan, ngahua, ngajuruan, nganyam, ngaratakeun, ngaraut, ngawengku, nyangreud, nyarungsum, nyokoan, sarungsum, jeung sasag. Istilah anyaman awi anu mangrupa kecap sipat aya tujuh istilah, nyaéta carang, ipis, kandel, kasar, kerep, lemes, jeung tuus. Sedengkeun anu mangrupa kecap bilangan aya dua istilah, nyaéta ganda, jeung tunggal.

Sajaba ti dianalisis strukturna, istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung ogé dianalisis hartina anu nyoko kana harti

léksikal jeung semantis anu dikandung ku istilah-istilah anyaman awi sacara langsung dumasar kana acuan saperti wangun, prosés, jeung kagunaanana.

Istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung mibanda ajén inajén kabudayaan anu mangrupa réfléksi tina sagemblengna kabudayaan. Réfléksi kabudayaan dina ieu panalungtikan dipatalikeun jeung unsur-unsur kabudayaan, di antarana sistem pangaweruh, sistem organisasi sosial, sistem pakakas jeung téhnologi, sistem pakasaban, jeung kasenian.

Disawang tina sistem pangaweruh, kaparigelan dina ngolah bahan awi jadi anyaman téh mangrupa kaweruh masarakat dina ngamangpaatkeun sumber daya alam nu aya di sabudeureunana pikeun jadi barang-barang praktis nu bisa dipaké sapopoé. Ieu kaweruh téh tangtuna lain hal anu aya sacara tiba-tiba, tapi ngaliwatan prosés diajar sanggeus niténan kaayaan alam lingkunganatur diadumaniskeun jeung pangabutuh sapopoé.

Disawang tina sistem kapercayaanna, anyaman awi minangka tradisi bisa méré gambaran ngeunaan ajén-inajén kabudayaan urang Sunda, hususna di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung. Ieu pamadegan téh luyu jeung konsép sawangan hirup urang Sunda anu eusina ngeunaan manusa salaku pribadi, manusa jeung masarakat, manusa jeung alam, sarta manusa jeung Gusti.

Sistem organisasi sosial di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung sacara teu langsung diwangun ku para pangrajin anyaman awi sacara turun-tumurun. Aya opat kampung di Désa Cikitu anu miboga organisasi sosial dumasar kana karajiinan anyaman awi anu dijieunna, di antarana kampung Betah, kampung Cikitu, kampung Nenggéng, jeung kampung Pamoyanan.

Disawang tina sistem pakakas jeung téhnologi, anyaman awi anu aya di Désa Cikitu Kecamatan Pacét Kabupatén Bandung bisa dipasing-pasing jadi tilu dumasar kana alat anu dipaké dina nyieun anyaman awi (bedog, jara, pangetrok, péso raut, ragaji, jeung tatah), bahan anyaman awi (awi, awi sabuku, awi saleunjeur, awi tali, galér, hini, hoé, kai, perét, sarungsum, soko, tali plastik, jeung wengku), jeung fungsi anyaman awi (pakakas dapur, pakakas rumah tangga, pakakas tatanén, pakakas ngala lauk, jeung pakakas babagian imah).

**Puspa Endah Setiani, 2017**

*ISTILAH ANYAMAN BAMBU DI DESA CIKITU KECAMATAN PACET KABUPATEN BANDUNG (Kajian Struktural, Léksikosemantik jeung Étnolinguistik)<sup>1)</sup>*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Disawang tina sistem pakasaban, anyaman awi minangka produk masarakat Désa Cikitu kecamatan Pacét Kabupatén Bandung bisa dijual sarta ngahasilkeun duit. Éta sababna anyaman awi téh geus jadi kasab masarakat di Désa Cikitu Kecamatan Pacét Kabupatén Bandung.

Disawang tina kasenian, anyaman awi lain ngan saukur karajinan biasa, tapi mangrupa salasihiji karya seni nu éndah tur unik. Dina nyieun anyaman awi téh aya tahapan-tahapan atawa prosés anu kudu dilakukeun sangkan bisa ngahasilkeun produk anyaman awi anu hadé tur mangpaat pikeun minuhan kabutuhan masarakat dina kahirupan sapopoé. Kasenian dina anyaman awi bisa katitén dina téhnik nganyam jeung wangun anyaman awi.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan ngeunaan istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung anu diguar ngagunakeun ulikan struktural, léksiko-semantik, jeung étnolinguistik, bisa méré wawasan yén élmu basa bisa dimangpaatkeun dina sagala widang kahirupan.

Anyaman awi minangka tradisi bisa méré gambaran ngeunaan ajén-inajén kabudayaan urang Sunda, hususna di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung. Ieu pamadegan téh luyu jeung konsép sawangan hirup urang Sunda anu eusina ngeunaan manusa salaku pribadi, manusa jeung masarakat, manusa jeung alam, sarta manusa jeung Gusti.

Ku cara ngaguar ajén-inajén anu aya dina anyaman awi, aya udagan anu hayang dihontal nyaéta lian ti ngawariskeun tradisi nganyam awi ti kolot baheula ka generasi saterusna, ogé ngaguar ajén-inajén anu luhung pikeun tuntunan hirup manusa. Pikeun ngahontal éta udagan, anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung, diguar ngaliwatan ulikan struktural anu ngaguar wangun jeung warna istilah-istilah anyaman awi, ulikan léksiko-semantik anu ngaguar harti istilah-istilah anyaman awi, ogé ulikan étnolinguistik anu ngaguar unsur-unsur kabudayaan anu aya dina anyaman awi.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi tarékah dina ngawanohkeun deui tradisi anyaman awi, anu mangrupa salasihiji wangun kabudayaan bangsa,

**Puspa Endah Setiani, 2017**

*ISTILAH ANYAMAN BAMBU DI DESA CIKITU KECAMATAN PACET KABUPATEN BANDUNG (Kajian Struktural, Léksikosemantik jeung Étnolinguistik)<sup>1)</sup>*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hususna budaya Sunda. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep ngahirupkeun deui ajén-inajén anu nyampak dina tradisi atawa budaya Sunda anu jaman kiwari geus mimiti ngurangan.

### 5.3 Rékomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan istilah-istilah anyaman awi di Désa Cikitu, Kecamatan Pacét, Kabupatén Bandung anu diguar ngagunakeun ulikan struktural, léksikosemantik, jeung étnolinguistik, bisa méré gambaran yén élmu basa bisa dimangpaatkeun dina sagala widang kahirupan. Ku kituna, élmu basa lain ngan saukur medar bener jeung salah dina basa, ogé bisa medar ma'na anu aya dina sajeroeun basa. Anapon rékomendasi anu rék ditepikeun di antarana:

- 1) Hasil panalungtikan ngeunaan istilah-istilah anyaman awi téh nuduhkeun yén basa téh raket patalina jeung kabudayaan. Anyaman awi anu mangrupa salasihiji bagian tina kabudayaan bisa dipedar ngeunaan istilah-istilahna anu mangrupa bagian tina basa. Ku kituna, ulikan étnolinguistik cocog pikeun ngaguar patalinan antara basa jeung budaya. Kitu deui jeung tradisi atawa kabudayaan séjénna pasti bisa ditalungtik kalayan jero, boh ngeunaan kabudayaanna, boh ngeunaan basana.
- 2) Ulikan struktural jeung léksikosemantik cocog pikeun ngaguar perkara basa dumasar kana struktur basana jeung harti anu aya dina sajeroeun éta basa. Dina ieu panalungtikan, ulikan struktural dipaké pikeun ngaguar struktur atawa adegan istilah-istilah anyaman awi. Sedengkeun ulikan léksiko-semantik dipaké pikeun ngaguar harti léksikal jeung semantik tina istilah-istilah anyaman awi. Ulikan struktural jeung léksikosemantik ogé bisa digunakeun pikeun ngaguar perkara basa dina tradisi atawa kabudayaan séjénna.
- 3) Kabudayaan nganyam awi mangrupa kabudayaan atawa tradisi anu kudu terus dipiara. Salasihiji cara miarana nyaéta ku cara ngabudayakeun melak awi, lantaran tangkal awi jaman kiwari geus mimiti nyirorot. Ieu hal disababkeun ku ayana alih fungsi lahan kebon kana lahan bangunan.